

BAB 1

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Basa nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2003:1).

Salian ti éta basa téh cicirén, budi parangi. Carana mikir, pakasaban, angen-angen, seni, pangaweruh, téhnologi, agama, katut susunan hiji bangsa kagambarkeun dina basana. Kamekaran budaya Sunda ditangtukeun ku pamanggih nu aya di jero masarakat Sunda sorangan katut rupa-rupa pangaruh budaya deungeun. Urang Sunda geus ti bihari kénéh ngayakeun patali marga jeung bangsa lian. Ku kituna, tangtu baé bakal lumangsung kontak budaya antara budaya Sunda jeung budaya deungeun. Urang Sunda kungsi meunang pangaruh tina budaya jeung agama Hindu, Islam, budaya Mataram (Jawa) jeung budaya Kulon (Sudaryat, 2003 :12-13). Salah sahiji pangaruh tina mekarna jaman keuna kana basa Sunda. Memang geus moal dipungkir deui réana kecap-kecap deungeun nu asup ka urang méré pangaruh positif jeung pangaruh negatif. Pangaruh positif diantarana waé bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran kana kandaga kecap basa Sunda. Hiji basa nu aya di sakuliah dunya moal tumuwuh saupama euweuh pangaruh ti basa séjén, patali jeung hal éta Sudaryat (2003:44) nétélakeun ”Hirup-huripna beunghar miskinna hiji basa gumantung kana daék henteuna narima basa kosta pikeun ngajembaran banda basana sorangan. Basa mana waé nu nolak asupna basa

deungeun kana gudang basana éta basa téh bakal tetep malarat moal hirup nurutkeun jaman, manéhna bakal tinggaleun ku baturna sarta lila-lila mah paéh dina kamalaratan. Kiwari, ieu basa téh geus kapangaruhan ku basa séjén saperti basa Indonesia jeung basa deungeun.

Éta pangaruh téh saterusna diolah nurutkeun kapribadian urang Sunda, dipaké geusan mekarkeun budaya sorangan ti mimiti galura agraris, téhnologi, nepi ka inpormatika. Salian ti éta, dina masarakat anu *terbuka* maksudna masarakat anu para anggotana bisa narima anggota ti masarakat séjén, boh hiji atawa leuwih tina hiji masarakat, ku kituna bakal lumangsung anu disebut kontak basa. Ku kituna, *fénoména* kabasaan saperti alih kode, campur kode, jeung interférénsi tumuwuh di masarakat.

Masarakat Indonesia umumna kagolong kana masarakat *dwibahasawan*, nu ngawasa basa kahiji basa daérah jeung basa kadua basa Indonesia. Éta kaanékaragaman téh ngabalukarkeun diri urang sangkan bisa ngulik tur bisa maké basa Indonesia salaku basa kadua (B2) ti basa daérah (BI) nu mangrupa sélér luluguna.

Nababan (1993:31) nétélakeun yén kaayaan kadwibahasaan jalma meunang ngaganti basa atawa ragam basa.

Dina campur kode panyatur ngagunakeun dua basa dina hiji komunikasi jeung sasamana. Chaer (2004:114) nétélakeun yén campur kode téh nya éta: “Pemakaian kode utama atau kode dasar yang digunakan dan memiliki fungsi keotonomiannya. Dimana kode lain yang ikut terlihat hanyalah berupa serpihan tanpa fungsi”.

Campur kode antara basa kahiji jeung basa kadua dina omongan, gelar dina wangun kecap. Kridalaksana anu dicutat ku Rosmana (2003:8) nétélakeun yén anu

disebut kecap téh nya éta morfém atawa kombinasi morfém anu mangrupa wangun pangleutikna tur bisa diucapkeun jadi wangun bébas; wangun basa anu bisa madeg mandiri, diwangun ku hiji atawa gabungan sababaraha morfém. Ku kituna, pedaran ngeunaan kecap teu bisa leupas tina pedaran morfém. Ari sababna, kecap téh diwangun ku hiji atawa sababaraha morfém tur bisa madeg mandiri dina omongan.

Kiwari masarakat Sunda keur nincak abad modérn. Sagala aspék kahirupan némbongkeun parobahan. Hal éta téh balukar tina majuna jeung mekarna élmu pangaweruh jeung téhnologi utamana dina widang komunikasi jeung informasi.

Informasi nu kaserep jeung katangkep ku masarakat, bisa sacara langsung atawa ngaliwatan média citak pon kitu deui ngaliwatan média éléktronik geus mukakeun pola pikir nu leuwih maju. Hal éta bisa katitén dina kahirupan sapopoé utamana dina ngagunakeun basa. Kiwari teu saeutik jalma mun nyarita direumbeuy ku kecap atawa istilah-istilah asing.

Panalungtikan ngeunaan *fenoména* kabasaan (alih kode, campur kode, interférénsi) dina basa tulisan geus mineng ditalungtik. Contona waé: panalungtikan anu dilakukeun ku Kamilah Intan Harti Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (JPBD) FPBS UPI (2004) dina skripsi anu judulna “*Campur kode Indonesia kana basa Sunda dina naskah khutbah Jumaah ditilik tina segi morfologi*”, Rina Fauziyah Hasna Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia FPBS UPI (2006) dina skripsi anu judulna “*Wujud Campur Kode Vokabuler Bahasa arab dalam majalah Al-Izzah*”, kitu deui panalungtikan anu dilaksanakeun ku Cece Kurniawan JPBD FPBS UPI (1999) dina

skripsi anu judulna “*Interferensi Basa Kosta kana Basa Sunda dina Majalah Mangle Taun 1998*”. Éta panalungtikan téh réréana dilaksanakeun dina wangun tulisan.

Sedengkeun campur kode bisa lumangsung dina basa lisan jeung basa tinulis. Campur kode basa lisan leuwih loba tibatan campur kode basa tinulis. Hal éta téh ku sabab basa lisan miboga peranan penting pikeun komunikasi dina kahirupan sapopoé. Aya opat alesan, anu nyababakeun basa lisan leuwih penting dina komunikasi (Pateda, 1987:63), nya éta: (a) ku sabab basa lisan leuwih jelas; panyatur bisa nambahan unsur séjén nu mangrupa randegan, jeung kinésik sangkan pangrungu nyangkem kana omongan panyatur, (b) ku sabab basa lisan leuwih gancang kaharti; panyatur bisa ningali réaksi pangrungu kana naon-naon anu dicaritakeun, (c) bisa disaluyukeun jeung kaayaan, maksudna sok sanajan dina kaayaan poék, masih bisa dilakukeun komunikasi, (d) faktor éfisiénsi ku sabab dina basa lisan leuwih loba basa anu dicaritakeun dina waktu anu singget jeung tanaga anu saeutik. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dipuseurkeun kana basa lisan.

Sakumaha anu geus dipedar di luhur yén réana informasi nu katangkep ku masarakat boh sacara langsung boh ngaliwatan média, nya éta média citak jeung média éléktronik.

Dina média éléktronik masarakat Sunda teu tinggaleun ku nu séjén sok sanajan sacara kuantitas jumlahna bisa diitung, tapi sok sanajan kitu urang ulah leutik haté malah mah urang kudu reueus ku ayana média nu bisa nyoarakan aspirasi masarakat, wadah pikeun nyalurkeun krétifitas, sarta bisa méré gambaran kahirupan masarakat

Sunda. Anapon média éléktronik urang Sunda diantara STV, Bandung TV, Padjajaran TV, jsb.

Anu jadi objék dina ieu panalungtikan nya éta pagelaran seni Banyolan Longsér anu ditayangkeun di STV édisi Januari-Februari 2007. Grup longsér nu aya di Bandung dintarana Longsér Antar Pulau, Pancakaki, Bémo, Adem-Ayem, Longsér Silih Asuh jsb. Sedengkeun longsér anu maneuh ditayangkeun dina *stasiun* TV di Bandung diantaranya, "Longsér Plus" di TVRI Bandung, jeung "Banyolan Longsér" di STV. Alesan pangna panalungtik milih longsér anu ditayangkeun ku STV nya éta pikeun ngawanohkeun ka nu lian yén longsér téh mangrupa salah sahiji kasenian tradisional urang Sunda anu masih aya kénéh dikieuna jeung kudu dimumulé ku urang Sunda hususna, sarta STV téh mangrupa TV swasta milik urang Sunda anu pangréana midangkeun rupa-rupa kasundaan. Sok sanajan longsér téh kasenian tradisional urang Sunda, tapi sajalan jeung kamajuan jaman katut téhnologi, ieu longsér téh barobah, dipintonkeunana dina média éléktronik nya éta dina TV sarta anu dipintonkeun dina Banyolan Longsér téh lain longsér sacara *utuh* tapi mangrupa sempalan atawa bagian tina longsér nya éta bagian bodorna wungkul. Salian ti éta, basana ogé diluyukeun jeung kamajuan jaman, buktina aya kecap-kecap dina pagunemanana anu asalna tina basa sején boh basa Indonesia boh basa asing. Ku kituna, panalungtikan anu judulna Tilikan Morfologis Campur Kode Sunda-Indonesia dina Pagelaran Seni Banyolan Longsér di STV Bandung perlu dilaksanakeun.

1.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar di luhur, aya sababaraha masalah anu baris ditepikeun dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap:

- 1) wangun Campur kode naon waé nu kapanggih dina éta pagelaran seni Banyolan Longsér?
- 2) faktor naon waé nu ngabalukarkeun munculna campur kode?
- 3) kumaha inténsitas wangun campur kode basa Indonesia dina pagelaran seni Banyolan Longsér?
- 4) prosés morfologis naon waé nu ngalaman campur kode dina pagelaran seni Banyolan Longsér?

1.3. Watesan Masalah

Sangkan masalah nu rék ditalungtik leuwih jéntré tur henteu jauh méngpar, ieu panalungtikan ngeunaan campur kode téh baris ditalungtik dina pagelaran seni banyolan longsér anu ditayangkeun di STV Bandung saban poé Kamis tabuh 19.00-19.30 édisi Januari-Februari 2007 ngeunaan inténsitas wangun jeung faktor anu mangaruhanana ditilik tina segi morfologi.

1.4. Tujuan jeung Manfaat Panalungtikan

1.4.1. Tujuan Panalungtikan:

Tujuan panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) ngadéskripsikeun perséntase inténsitas campur kode basa Sunda kana basa Indonésia dina pagelaran seni Banyolan Longsér;
- 2) ngadéskripsikeun wangun campur kode basa Sunda kana basa Indonésia dina pagelaran seni Banyolan Longsér;
- 3) mikanyaho faktor naon waé anu jadi panyabab munculna campur kode kana basa Indonésia dina pagelaran seni Banyolan Longsér.
- 4) mikanyaho wangun morfologis naon waé anu ngalaman campur kode dina pagelaran seni Banyolan Longsér.

1.4.2. Mangpaat Panalungtikan

14.2.1. Mangpaat Teoritis

- 1) mikanyaho kana kaayaan campur kode nu lumangsung di masarakat Sunda;
- 2) nambahan pangaweruh kabasaan pikeun nu dialajar basa Sunda;
- 3) nambahan pangaweruh ngeunaan kasenian tradisional Sunda.

14.2.2. Mangpaat Praktis

- 1) panalungtik leuwih paham kana masalah campur kode;
- 2) panalungtik paham kana aspék-aspék nu mangaruhan campur kode.

1.5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar ieu panalungtikan nya éta:

- 1) campur kode basa lisan leuwih loba tibatan tinulis.
- 2) kadwibasaan bisa nimbulkeun kontak basa.
- 3) hiji basa moal bisa leupas tina pangaruh basa séjén.

1.6. Landasan Tiori

Panalungtikan ieu téh rék ngagunakeun tiori kabasaaan kayaning; *Morfologi Basa Sunda* (Rosmana:2003), *Sosiolinguistik Suatu Pengantar* (Nababan:1993), *Sosiolinguistik Perkenalan awal* (Chaer:2004), *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat:2003), *Sosiolinguistik Téori dan Probléma* (Suwito:1983), *Pembentukan Kata dalam Bahasa Indonesia* (Kridalaksana :1996), *Sosiolinguistik* (Pateda:1987).

1.7. Wangenan Operasional

Dina prak-prakanana nalungtik diperlukeun katerangan anu jéntré patali jeung objék panalungtikan, nu museur kana kecap-kecap anu dipaké judul panalungtikan kayaning:

- 1) tilikan asal kecapna tina tilik hartina tenjo, maké rarangken tukang –an anu fungsina ngawangun kecap barang nu hartina hasil.

Anu dimaksud tilikan dina ieu panalungtikan téh nya éta néangan atawa ningalian kecap-kecap anu ngalaman campur kode kana basa Indonesia dina pagelaran seni Banyolan Longsér;

- 2) morfologi nya éta élmu anu maluruh ngeunaan selang surup sarta parobahan kecap. Anu parobahanana téh ngawengku fungsi gramatik jeung semantik.

Morfologi dina ieu panalungtikan téh nya éta kecap-kecap anu kapanggih sarta anu ngalaman campur kode tuluy dianalisis dina morfologi;

- 3) campur kode nya éta makéna dua unsur basa dina hiji omongan dimana antara unsur kahiji jeung séjénna silih pangaruhan sacara konsistén.

Nu dimaksud campur kode dina ieu panalungtikan nya éta makéna dua unsur basa nya éta basa Sunda jeung basa Indonesia dina paguneman Banyolan Longsér;

- 4) basa Sunda nya éta basa indung urang Sunda anu diparaké kénéh ku masarakatna.

Anu dimaksud basa Sunda dina ieu panalungtikan téh nya éta basa kahiji anu dipaké paguneman dina longsér;

- 5) basa Indonesia nya éta basa resmi kanagaraan sarta mangrupa basa Nasional bangsa Indonesia

Anu dimaksud basa Indonesia dina ieu panalungtikan téh nya éta basa kadua nu dipake paguneman dina longsér;

- 6) pagelaran seni Banyolan Longsér nya éta salah sahiji acara dina STV saban poé Kemis tabuh 19.00-19.30 WIB. Banyolan Longser asalna tina kecap banyol jeung longsér. Banyol nya éta heureuy ku omongan. Sedengkeun longsér nya éta ngaran sandiwara tradisional Sunda;

- 7) STV Bandung nya éta salah sahiji stasion televisi di Indonesia milik urang Sunda anu pernahna di Bandung anu midangkeun rupa-rupa Kasundaan.

STV dina ieu panalungtikan nya éta salah sahiji média anu dipilih panalungtik pikeun ngumpulkeun data;

- 8) edisi Januari-Februari dina ieu panaluntikan nya éta jangka waktu anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina pagelaran seni Banyolan Longsér.

1.8. Metode jeung Tehnik Panalungtikan

1.8.1. Metode Panalungtikan

Metode panalungtikan anu digunakeun nya éta metode déskriptif. Anu baris didéskripsikeunana nya éta prosés morfologis anu nyampak dina pagelaran seni banyolan longsér lantaran ayana campur kode.

1.8.2. Tehnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun ieu data panalungtikan, digunakeun tehnik : 1) studi dokuméntasi , 2) rékaman, jeung 3) transkripsi.

1.8.2.1. Studi Dokuméntasi

Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu aya dina paguneman longsér anu ngalaman prosés campur kode kana basa Indonesia.

1.8.2.2 Rékaman

Ieu téhnik digunakeun pikeun ngagampangkeun panalungtik dina ngumpulkeun data kalayan ngarékam paguneman dina Banyolan Longsér.

1.8.2.3 Transkripsi

Ieu téhnik digunakeun pikeun mindahkeun data tina wangun rékaman kana wangun tinulis.

1.8.3. Instrumen Panalungtikan

Instrumen nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tape recorder. Tape recorder ieu téh digunakeun pikeun ngarékam paguneman dina Banyolan Longsér ti bulan Januari nepi ka bulan Februari.

1.9. Populasi jeung Sampel

1.9.1. Populasi

Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta pagelaran seni Banyolan Longsér nu ditayangkeun di STV Bandung saban poé Kemis ti tabuh 19.00-19.30 WIB.

1.9.2. Sampel

Sampel nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta “purposive sampling”, nu jadi sampelna nya éta pagelaran seni Banyolan Longsér edisi Januari-Februari 2007.

1.10. Prosedur Panalungtikan

1.10.1. Tahap Tatahar:

- Seminar proposal tanggal 20 Desember 2006;
- Ngarévisi proposal nu diajokeun nalika seminar;
- Ngajukeun tilu urang dosén pangaping, anu satuluyna dua urang jadi dosén pangaping dina nyusun skripsi;
- Surat kaputusan (SK) kaluar bulan Maret 2007.

1.10.2. Tahap Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkahna:

- Neulcuman kasang tukang panalungtikan; masalah nu jadi puseur panalungtikan, tujuan, jeung mangpaat panalungtikan;
- Nyieun angkét nu dipiharep bisa ngabantu kana panalungtikan;
- Ngumpulkeun data nu dibutuhkeun, nu mangrupa basa nu biasa digunakeun ku unggal réspodén.

1.10.3. Tahap Ngolah Data

Unggal kasalahan di béré kode nu tangtu, kode nu digunakeun patali jeung katerangan téoritis basa nu digunakeun dina pagelaran seni Banyolan Longsér. Nu museur kana nomor sampel, nomor jajaran, nomor urut kalimah, jeung nomor kecap tempat ayana campur kode sarta nyawang angkét hasil ti lapangan.

1.10.4. Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan hasil panalungtikan dumasar kana hasil ngolah data dina wangun skripsi.

